# Kisa NYSCB ye?

Komisyon Eta New York pou Moun ki Avèg travay avèk adilt 55 ane oswa plis ki avèg legalman epi ki vle konsève oswa rejwenn travay yo oswa ki vle aprann ladrès pou ede yo viv yon fason ki endepandan otank posib lakay yo oswa nan kominote yo.



**Sèvis pou Granmoun Aje yo**

Anpil granmoun aje chwazi pou pran retrèt yo anreta oswa pou retounen sou mache travay la apre retrèt yo. Moun ki avèg legalman kalifye pou sèvis ki disponib nan NYSCB. Men kèk sèvis ki ka genyen:

- Egzamen ak èd moun ki gen vizyon fèb
- Fòmasyon pou navigasyon ak vwayaj
- Fòmasyon pou jesyon kay ak jesyon zafè pèsonèl
- Fòmasyon pou prepare pou travay
- Okazyon pou gen eksperyans travay
- Koneksyon nan resous kominotè
- Fòmasyon pou jwenn travay
- Sèvis pou ede ou kenbe djòb w ap fè a
- Èd pou jwenn yon djòb

Anpil nan sèvis sa yo disponib pou moun ki gen plis pase laj 55 ane epi ki senpleman vle aprann ladrès ak teknik pou viv byen avèk pèt vizyon yo. Yo bay sèvis sa yo nan patnè kominotè nou yo.

NYSCB NEW YORK STATE COMMISSION FOR THE BLIND

**Pou jwenn enfòmasyon sou sèvis yo rele nimewo:**

**1-866-871-3000**

**— OSWA —**

**Ale nan sitwèb nou:**
**www.visionloss.ny.gov**

NYSCB se yon divizyon Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi Eta New York (New York State Office of Children and Family Services).

New York State Office of Children & Family Services

Andrew M. Cuomo, Gouvènè

Dapre Lwa anfavè Ameriken Andikape (Americans with Disabilities Act), Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi Eta New York ap mete dokiman sa a disponib nan fòma ki apwopriye sou demann.

**Pub-5149A** (9/2013)

# seeing possibilities

viv • travay • grandi

## YON GID POU SÈVIS YO



## POU GRANMOUN AJE KI AVÈG

NYSCB

www.visionloss.ny.gov



# Kimoun ki kalifye?

Nenpòt moun k ap viv nan Eta New York ki avèg legalman ka kalifye pou sèvis NYSCB bay yo.

**Sesite legal defini kòm:**

- Yon akuite vizyèl 20/200 oswa mwens nan zye ki pi bon an oswa ki pi fèm nan avèk pi bon koreksyon OSWA
- Yon chan vizyon 20 degre ki gen restriksyon oswa mwens nan zye ki pi bon an oswa ki pi fèm nan.

Si w ap travay epi si ou gen twoub pou wè yon fason ki grav men ou poko avèg legalman, ou ka kalifye pou sèvis "Job Save".

Pou jwenn plis enfòmasyon, rele NYSCB nan nimewo **1-866-871-3000,** oswa ale nan sitwèb nou **visionloss.ny.gov** pou jwenn plis enfòmasyon.

# Pwogram yo

## Pwogram pou Jwenn Travay

NYSCB kapab ede ou jwenn yon djòb, yo kapab ede ou kòmanse pwòp biznis ou, oswa yo kapab ede ou jere yon biznis nan Pwogram Antrepriz Komèsyal yo. Yon konseye reyabilitasyon pwofesyonèl ap ede ou planifye epi jwenn fòmasyon ou bezwen an pou reyalize objektif travay ou.

## Pwogram Job Save

Si ou gen pwoblèm nan djòb w ap fè nan moman an oswa nan biznis ou, yon konseye pwofesyonèl kapab ba ou konsèy sou fason pou pale avèk patwon ou konsènan pèt vizyon ou, epitou konseye a kapab fè aranjman pou jwenn sèvis vizyon ak sèvis pou jwenn djòb ki ka ede ou kontinye travay yon fason pwodiktif nan domèn ou chwazi a.

## Pwogram pou Moun Viv Endepandan

Si ou se yon adilt oswa yon granmoun aje ki vle viv kòm yon moun endepandan otank posib men ou pa enterese travay, NYSCB gen pwogram pou montre ou ladrès pou fè antretyen nan kay ou, pou vwayaje san pwoblèm, epi pou toujou gen kontak avèk fanmi ou ak vwazen ou yo.

# Kote pou aplike

Si ou vle jwenn plis enfòmasyon sou pwogram ak sèvis NYSCB ofri yo, tanpri rele biwo rejyonal ki pi pre ou.

**Albany**
40 N. Pearl St., 10th Fl., Ste. D
Albany, NY 12243
(518) 473-1675

**Adrès Postal**
52 Washington St.
Rensselaer, NY 12144

**Buffalo**
295 Main St., Rm. 590
Buffalo, NY 14203
(716) 847-3516

**Harlem**
163 West 125th St., Rm. 209
New York, NY 10027
(212) 961-4440

**Hempstead**
50 Clinton St., Ste. 208
Hempstead, NY 11550
(516) 564-4311

**New York City**
80 Maiden Lane, 23rd Fl.
New York, NY 10038
(212) 825-5710

**Rochester** (Outstation)
259 Monroe Ave., Sal 303
Rochester, NY 14607
(585) 238-8110

**Syracuse**
100 S. Salina St., Ste. 105
Syracuse, NY 13202
(315) 423-5417

**White Plains**
445 Hamilton Ave., Sal 503
White Plains, NY 10601
(914) 993-5370

**Pou jwenn enfòmasyon ou ka rele nimewo gratis nou tou nan: 1-866-871-3000**

**— OSWA —**

**Ale nan sitwèb nou: www.visionloss.ny.gov**

